



# Asirans Pou Chomaj – Seguro de cesantía

Konnen kòman asirans chomaj la fonksyone.

## • Kisa ki asirans obligatwa pou chomaj la?

Se yon asirans ki pwoteje travayè yo (sa ki p ap travay ak tèt yo) nan moman yo vinn p ap travay . Sa a se yon benefis yo bay sou lajan sante , èd leta bay a fanmi yo, bous pou pran fòmasyon, e aksè ak sistèm nasyonal pou anplwa (kote pou w chèche travay).

## • Kiyès ki kapab genyen asirans sa a?

Tout travayè ki gen kontra, swa endefini oubyen ki gen dat pou l fini.

## • Kòman li fonksyone?

Patwon an dwe kotize chak mwa yon pousantaj nan salè travayè. Lè travayè a vin pap travay, li ka pran lajan li te genyen sou kont sa a, e si li nesèsè travayè a kapab al nan "Fondo Solidario" ki fèt ak lajan patwon yo e ak Leta peyi a.

## • Kòman li finanse?

Si se kontra endefini, travayè ap bay 0,6 % nan lajan l ap touche a, epi patwon ap gen pou l depoze tout 2,4% nan salè travayè a, nan dènye salè sa yo bay la, 1,65 % ale sou kont travayè a e 0,8 % ki rete a ale nan "FONDO DE CESANTIA SOLIDARIO" (**Fon pou chomaj solidè**). Nan ka ke kontra a ta gen yon dat fiks, pou yon konstriksyon oubyen sèvis, sèlman patwon an ki ap bay pati pa li a ki se 3 % , ladan l 2,8% ale sou kont travayè a e 0,2% ale nan "FONDO DE CESANTIA SOLIDARIO"

## • Kisa travayè a bezwen pou l resevwa asirans sa a?

- Fòk ou pèdi travay ou (si w renonse oubyen yo revoke w)
- Si ou gen kontra endefini, fòk ou genyen pou pi piti 12 mwa kotizasyon a kontinye oubyen ki pa kontinye .
- Si ou te gen kontra ak delè fiks , fòk ou genyen pou pi piti 6 mwa kotizasyon a kontinye oubyen ki pa kontinye

## • Kòman yo peye l?

Travayè a pral gen dwa realize tranzaksyon chak mwa sou kont endividyèl li pou chomaj la nan fason salè a pèmèt li a, an akò ak pousantaj sa yo:

Mwa	POUSANTAJ MWAYÈN SALÈ DÈNYE 6 A 12 MWA KI KORESPONN YO
Premye	50%
Dezyèm	45%
Twazyèm	40%
Katriyèm	35%
Senkyèm	30%
Sizyèm	25%
Setyèm oubyen plis	20%

**Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.**